

## Kisa ou bezwen pote oswa bay biwo WIC la pou chak sètifikasyon WIC:

- Lè sa nesèsè, mennen chak fanm, tibebe, ak timoun k ap aplike pou WIC.
- Prè TOUT revni pou chak moun nan kay la (montan anvan yo retire taks ak dediksyon). Revni enkli bagay tankou: salè, pansyon alimantè pou timoun, pansyon alimantè pou granmoun, pèman pou timoun ki nan mezon dakèy, enterè ou retire, konpansasyon pou chomaj, ak revni sèvis militè.

Prè revni an dwe tout kòb ou fè pandan 30 dènye jou yo. Si yo peye chak semèn, bay 4 souch peman. Si yo peye chak de (2) semèn oswa chak 15 jou, bay 2 souch peman. Si montan an pa chanje pou chak peryòd peman, yon sèl souch peman akseptab. **OSWA,**

Si w resevwa Medicaid, asistans lajan kach tanporè (Temporary Cash Assistance—TCA), oswa Asistans Manje (Food Assistance—SNAP), revni ou fè ki fè w elijib pou WIC.

- Vini ak YON prè adrès ou. Prè yo aksepte enkli bil kouran, dlo, deklarasyon labank ak asirans, oswa lisans pou kondwi. Fòk ou abite nan Florid kounye a, men li pa nesèsè pou se yon sitwayen ameriken.
- YON prè idantifikasyon pou ou ak YON prè idantifikasyon pou nenpòt tibebe oswa timoun k ap aplike pou WIC, tankou ak nesans, lisans pou kondwi, kat yo te mete nan bèso l lè l te fèk fèt, idantifikasyon sèvis militè, idantifikasyon ki gen foto, kat sekirite sosyal, oswa dosye lopital.
- Yon Fòm referans medikal WIC ranpli pou chak fanm, tibebe, oswa timoun k ap aplike, si sa disponib.
- Nimewo Sekirite Sosyal pou chak moun k ap aplike pou WIC, si sa disponib.
- Dosye vaksinasyon pou chak timoun, si sa disponib.

## Biwo lokal WIC:

Selon lwa federal sou dwa sivik yo anvan ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture, USDA) konsènan dwa sivik yo, li entèdi pou enstisyon sa a fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (tankou idantite seksyèl ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj oswa poutèt reprezay pou yon aktivite ki pase ki gen rapò ak dwa sivik.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram nan disponib nan lòt lang ki pa Anglè. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Langaj Siy Ameriken), dwe kontakte ajans Eta a oswa lokal ki responsab administrasyon pwogram nan oswa USDA's TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa epi TTY) oswa kontakte USDA pa mwayen Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan kad yon pwogram, yon Moun ki ap pote plent dwe ranpli yon Fòm AD-3027 (USDA Program Discrimination Complaint Form) li kapab jwenn anliy nan: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/USDA-OASCR%20P-Complaint-Form-0508-0002-508-11-28-17Fax2Mail.pdf>, li ka jwenn li nan nenpòt biwo USDA tou, lè li rele nan (866) 632-9992, oswa lè li ekri yon lèt voye bay USDA. Lèt la dwe gen non, adrès ak nimewo telefòn moun ki depoze plent lan, epi li dwe gen yon esplikasyon alekri ki bay bonjan detay konsènan zak diskriminasyon ki te fèt la, pou pèmèt Sekretè Adjwen pou Dwa Sivik (Assistant Secretary for Civil Rights, ASCR) la konprann koz ak dat vyolasyon dwa sivil li di ki te fèt la. Li dwe soumèt fòm AD-3027 ki ranpli a oswa lèt la bay USDA pa:

- (1) **kourye lapòs:**  
U.S. Department of Agriculture  
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights  
1400 Independence Avenue, SW  
Washington, D.C. 20250-9410; oswa
- (2) **faks:** (833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa
- (3) **imèl:** Program.Intake@usda.gov

Enstisyon sa a ofri tout moun menm opòtinite a.

DH 150-320, 6/23



# Kontakte WIC jodi a menm!

Èske w gen yon tibebe oswa yon timoun ki poko gen 5 an?

Èske w ansent oswa w ap bay tete?

Gade andedan ti bwochi sa a pou wè si w reponn a règleman pou revni WIC la!

FloridaWIC.org  
1-800-342-3556



Florida Department of Health  
WIC Program

# WIC se yon pwogram nitrisyon pou fanm ki ansent oswa k ap bay tete oswa ki fèk ansent, tibebe ak timoun ki poko gen 5 an.

## WIC bay bagay sa yo gratis:

- manje ki bon pou lasante
- edikasyon ak konsèy sou nitrisyon
- sipò pou bay tete
- referans pou swen medikal, vaksen ak sèvis nan kominote a

## Pou elijib pou WIC selon revni w:

Revni total tout moun nan kay la dwe egal a montan ki nan **Règleman pou Revni WIC** lan oswa li dwe mwens.

**OSWA** ou ka elijib selon revni w si w ap resevwa Medicaid, Asistans Lajan Kach Tanporè (Temporary Cash Assistance—TCA), oswa Asistans Manje (Food Assistance—SNAP).



## Règleman pou Revni WIC

Pou yon fanm ki ansent, chak tibebe ki poko fèt konte pou yon moun anplis nan kantite moun ki nan kay la.

Kantite moun ki nan kay la	Revni Mansyèl anvan taks ak dediksyon
1.....	\$2,248
2.....	\$3,041
3.....	\$3,833
4.....	\$4,625
5.....	\$5,418
6.....	\$6,210
7.....	\$7,003
8.....	\$7,795

Revize 6/23/2023

## Pou aplike pou WIC:

- Vizite [FloridaWIC.org](http://FloridaWIC.org) oswa [SignUpWIC.com](http://SignUpWIC.com) osinon rele gratis nan nimewo **1-800-342-3556** epi operatè a ap ba w nimewo telefòn pou zòn ou.
- Biwo lokal WIC la pral baw yon dat ak lè pou yon vizit pou sètifikasyon WIC. Nan vizit sa a, yo pral egzamine revni fanmi an, estati edikal/nitrisyon chak kandida. Nan jou sa a, ou pral konnen si ou menm ak timoun ou yo elijib pou pwogram WIC lan.
- Pou ou konnen sa ki nesèsè pou vizit sètifikasyon WIC a, gade nan lòt bò bwochi sa a.

